

D+S  
M

**Lapè Sajès**  
Mt 14,22-33  
19<sup>e</sup> d. o. A

Musique : 10-08-2008  
St Laurent

Paroles : 10/11-08-2008  
St Laurent et Ste Claire

**R. Kot Granmèt la yé,  
Sé lapè k-rété,  
Kè-n pa doué troublé,  
Malè pap rivé-n.**

- |   |   |
|---|---|
| 1. Disip yo sou dlo, van ap fouété yo<br>Vag ap souké yo, nuit ap vlopé yo ;<br>Jézu pou kont li, anlè tèt mòn nan<br>Pandan tout nuit la, li rét ap priyé.         | Mt 14,22-24 ; Lc 16,28 : Ap 12,2 ; Mt 8,29                          |
| 2. Touazè di-matin, l-ap maché sou dlo,<br>Kè yo boulvèsé, li rasiré yo.<br>Li gin Non Papa-a : 'Sa-a ki toujou la',<br>Li louvri lanmè pou pèp li pasé.            | Mt 14,25-27<br>Ex 3,14 ; Mt 14,27 ;<br>Jn 8,24.28-58<br>Ex 14,21-22 |
| 3. Piè al rankontré-l, min lafoua-l fébli ;<br>L-ap fonsé nan dlo, Jézu réprann li.<br>Yo monté abò, van-an tonbé la minm ;<br>Kot Granmèt la yé, sé lapè k-rét la. | Mt 14,28-32<br>Ps 69,15.16  |
| 4. Van, tranbléman-tè, ata minm difé,<br>Blijé kité plas, dévan ti briz la,<br>Granmèt la rivé nan gran silans la,<br>Li poté lapè, li-k Mèt tout bagay.            | 1 R 19,11-13<br><br>Ap 8,1 ; Ha 2,20 ; So 1,7 ;<br>Za 2,17          |
| 5. Granmèt la sé Ròch k-ap vi-n sové-n nan ;<br>Antann-l anro-a, li lonjé min li,<br>Li rétiré nou sot nan gouf dlo-a,<br>Koté-n t-ap fonsé pou nou nouayé-a.       | Ps 62,3.7-8   |
| 6. Kontrariété yo, fè nou bay prèv nou<br>Fò-n louvri kè nou, ak tout konfians nou,<br>Granmèt la avè-n, l-ap asisté nou,<br>L-ap protéjé nou, l-ap konsolé nou.    | Gn 22,1   |
| 7. Silans, éspérans, poté fòs pou nou,<br>Granmèt la vivan, l-ap priyé nan Sièl,<br>Van, lanmè, lannuit, mèt kontrarié nou,<br>Lafoua gidé nou, nan pèlrinaj la.    | Is 30,15<br>He 7,25   |